Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 6 июнь Рузман № 24 (7894) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Районалъул бетIерасул барки

**ХIурматиял районцоял!**

Гьале тIаде щвана бусурбабазул бищун хирияб байрам- къурбаналъул гIид. Гьеб буго нилъер щивасе ТIадегIанав Аллагьасдехун бугеб рокьи ва гьесие мутIигIлъи загьир гьабизе рес щолеб къо.

Аллагьас рохелалъ гвангъизареги нилъер киназулго рукъзалги, гурхIел-рахIмуялъ цIеги нилъер ракIалги, къабул гьареги нилъер дугIабиги, гьабурабщинаб лъикIаб гIамалги, гIибадатги, садакъа-хайратги, хъурал къурбаналги.

Гьарула киназего сахлъи, рохел, баракатгун рахIмат, рекъел, рагъ-къал лъугIи, къварилъабаздаса ва зарал-зияназдаса цIуни, талихIаб ва халатаб гIумру.

РакI-ракIалъ баркула нужеда Къурбаналъул гIид!

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## ХитIаб

# ХитIаб - халкъалъул гIумру ва рукIа-рахъин лъикIлъизабиялъе план

Араб хамизкъоялъ, 29 маялда, республикаялъул нухмалъулев Сергей Меликовас хитIаб гьабуна Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялде.



Тахшагьаралъул «Гъудуллъиялъул минаялъуб» тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана Пачалихъияб Думаялъул ва Халкъияб Собраниялъул депутатал, республикаялъул хIукуматалъул членал, муниципалитетазул нухмалъулел, жамгIиял гIуцIабазул ва рухIаниязул вакилзаби, аскариял ва цогидалги вакилзаби.

Байбихьудаго республикаялъул нухмалъулес абуна хитIаб цохIо Халкъияб Собраниялде гуребги, тIолго дагъистаниязде, хIукуматалде, муниципалитетазул бутIрузде, жамгIиял гIуцIабазде-киназдего гьабулесеб бугилан.

ХитIабалъулъ гьес мухIкан гьабун бицана жакъа къоялда республикаялда халкъалъул бугеб рукIа-рахъиналъул, экономикаялъул, социалияб гIумруялъул ва цогидал рахъазул хIакъалъулъ. Гьениб Сергей Меликовас аслияб пикру буссинабуна социалиябгун экономикияб рахъалде: налогазулаб политикаялдаса ва росдал магIишаталда цIиял къагIидаби хIалтIизариялдаса байбихьун сахлъи цIуниялде, лъайкьеялде, культураялде ва туризмалде щвезегIан.

Хас гьабун пикру буссинабуна республикаялда туризм цебетIезабиялде. 2024 соналъ республикаялда туризмалъул хъулухъалъул къадар бахун буго 22 милрд. гъурщиде, цебесеб соналде дандеккун гьеб ккола 5 миллиардалъ цIикIкIун. Гьединго субъекталъул нухмалъулес борхана Каспиялъул рагIалда базесеб тIолгороссиялъул туристазул комплексалъул ва гьединго Дербенталда базесеб тIолгороссиялъул лъималазул «Дагъистан» централъул проектал гIумруялде рахъинариялъул суал. Гьеб рахъалъ гIемер хIалтIи гьабулеб буго республикаялда. Араб соналъ Дагъистан букIана миллиял проектал гIумруялде бахъинабураб анцIила щуго регионалда гьоркьоб.

КIвар бугеб суал кколин абуна Сергей Меликовас хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизан-лъималазе кумек гьаби, гьезул рахъкквей. Гьеб рахъалъ пачалихъияб кумек хIисабалда республикаялда хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе, рагъулал ишазул ветераназе ва гьезул хъизамазе хIалтIизе биччан буго «СВОй бизнес» абураб программа.

Хасаб рагъулаб операциялъул рагъул согIал къварилъаби нилъер улкаялъе ккана хIалбихьилъун, амма нилъер яргъилал къуватаз ритIухъ гьабулеб буго щаклъи гьечIого Россиялъ бергьенлъи босизе букIин. Цереккун рицунел гьадингосел харбазухъ балагьичIого, Россия, жиндирго ккураб нухги щула гьабун, ракIчIун цебехун унеб буго. Гьелъие аслияб кьучIлъун ккола республика миллияб разилъигун ва гражданияб рекъелгун цо чIараб хIалалда букIин.

-Нилъ тIадал руго къуваталлъун рукIине, дора-гьанир тункун нилъ гIодоре ккелин абун хьулазда ругезда ракIалде щвезаризе бокьун буго «Нужеда гьеб бихьиларо!» абурал В.В. Путинил рагIаби. Жакъа нилъ, 2030 соналде щвезегIан цIилъизабураб программаги гIуцIулаго, хIалтIулел руго стратегиялъулал масъалабазда тIад, -ан абуна республикаялъул бетIерас.

ГьитIинаб бизнесалъул рахъкквей ккола республикаялъул экономикияб политикаялъул кIвар бугеб суал. Россиялъул ХIукуматалъул хIукмуялда рекъон (№1893, 24.12.2024) 2025 соналъул 1 январалдаса нахъе цIигьабуна росдал магIишат цебетIезабиялъул пачалихъияб программа. ТIадеги кумек гьабизе бихьизабун буго гранталъулал (Агротуризм, Агропрогресс, Агростартал, Агромотиватор) программабазда рекъон. Гьел гIарцал бегьула харж гьабизе мина-бакI ижаралъе босизе ва гьеб къачIазе, къваригIунеб тIагIел ва къайи босизе, коммуналиял хъулухъазе ва цогидаб къваригIараб-таралъе. Гьеб рахъалъги аслияб кIвар буссинабизе буго СВОялъул ветераназде.

Гьединго республикаялъул бетIерас бицана дагъистаниязул гIумру лъикIлъизабиялъулъ ругел гIоларел рахъазул (лъел, токалъул канлъиялъул, канализациялъул) ва гьелда сверухъ гьабулеб хIалтIул.

Экономикияб рахъ цебетIеялъул ва инвестициялъул рахъалъ республикаялъ мугъчIвай гьабулеб буго 600 млрд. гъурщидасаги цIикIкIараб багьаялъул анлъго инвестициялъулаб проект гIумруялда бахъизабиялда тIад. Аслияб рахъалъ гьел ккола промышленносталъул сектор, энергетика, росдал магIишаталъул комплекс ва туризм.

Транспорталъул рахъалъ кIвар бугеллъун ккола Хасавюрт, Дербент ва МахIачхъала шагьарал сверун унел нухал гьариялъул, федералияб нух жакъасеб къоялъул тIалабазда рекъон къачIаялъул ва общественияб транспорт чIолел бакIал цIилъизариялъул проектал.

Социалияб сфераялда ва сахлъи цIуниялда сверухъ рихьизарун руго харжал гьаризе лъикIаланго гIарцал: профилактикаялъе, СВОялъул гIахьалчагIазе реабилитациялъулаб центр рагьизе, льготабазде гьорлъе кколеб категориялъул гIадамазе рукъалъулгун рукIа-рахъиналъул программаби гIумруялде рахъинаризе.

ХIитIабалъул ахиралда республикаялъул бетIерас бихьизабуна церечIарал масъалаби тIураялъе общество цолъиялъул бугеб кIвар, ва киналго гIадамал ахIана Дагъистан цебетIеялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабизе.

**ГIубайдула Малачдибиров**

## Нилъер бахIарзал

# ЦIалдохъабигун дандчIвана

СВОялъул ветеран Хъварщиса Сидикъ Хизриевасул зама-заманалдасан «Гьавги нилъер, довги нилъер вуго, гьадавцоясул хIакъалъулъги газеталда хъвазе ккела»,-абун ракьцоязул сураталги ритIун, «амру» бачIиндал, чанги нухалъ палгъанла жакъасеб къоялъул бахIарал.

РакIбацIцIадаб ва хIинкъикъай гьечIеб рагъулаб хъулухъалъухъ гьев мустахIикълъана Жуковасул, «Рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ», «Рагъулаб гьудуллъи щулалъизабиялъухъ» медалазе ва рикIкIен гIемерал баркалабазе.




хутIула дун цоясдаса цо гьитIинав, абухъего, михъида хIур кIутIичIел, анцIила микьилъе жал сон-церекъад рахарал гIадинал васал рихьидал. Гьединго ккана гьаб нухалъги. Щиб абизе лъачIого, магIил бералги цIун хутIана ТIиссиса Абакар Мамадибировасул хIакъалъулъ хъвазе байбихьидал. Иргадулаб нухалъги ракIалде щвана 1999 соналъул август, гьелъул гIахьалчи, РОВДялъул, жакъа ТIисси росдал нухмалъулев ЯхIия Мамадибиров, гьезул вугинги ракIалде ккун.

Калининградалда армиялда тIадаб рагъулаб налъи тIубазе ана Абакар гIагараб ТIисси росдал школаги лъугIизабун. Гьев армиялда вукIадго байбихьана СВО. Армиялда хъулухъ тIубарабго, къотIи-къайги хъван, гьитIинав гIолохъанчи Абакар Мамадибировас 2022 соналъул 13 июналъ «сапар бухьана» рагъде. У, рагъде. Лъица кинаб тадбиралъул бицаниги, цIарал батIи-батIиялги лъун, рагъ буго рагъ, жинца васалги гьарулареб, гIужие гьелги гьолеб. ГьитIинав сержант Абакар Мамадибиров ккола отделениялъул командир. Хъулухъ гьабулеб буго Харьковалъул рахъалда артиллеристазул къокъаялда. Рагъул тIоцересел къояздасанго нахъе гьес живго вихьизавуна мисалияв рагъухъанлъун, тIоцеве вахъунчIола командиразул тIадкъаял тIуразе. Нилъер заманалъул бахIарзал-хасал операциязул рагъухъаби, къохIехьейги, ракъи-къечги, сонги кверги ккун цадахъ рукIарал гьудул-гьалмагъзабазул бухIел бихьаралги, минабазул хурзабахъан бахIарчиго рагъулаго хварал яги лъукъарал гьалмагъзаби нахъе рачунелги-гьел киналго ккола жакъасеб къоялъул бахIарал.

Заманалъ хIухьбахъиялъе рокъове вачIараб мехалда Абакар дандчIвала росуцоялгун, гIагараб школалъул цIалдохъабигун ва бицуна гьезул ракълилаб букIинеселъе гIоло рагъухъабаз борхулеб захIматаб къоялъул, батIи-батIиял ахIвал-хIалазда данде чIезе ккеялъул, мех щвелалдего «кIодолъарав» гьес гьарула пайдаял малъа-хъваял.

БахIарзаллъун гьаруларо, бахIарзаллъун рахъуна. БахIарчилъун вахъине Абакар Мамадибировас мисал босизе бахIарзал гьесул гIага-божаразда гъорлъ гIемер руго, эмен ХIажимухIамаддибиридаса ва имгIал ЯхIиядаса байбихьун. ТIадехун бицен гьабухъе, гьелги гIемерал соназ полициялъул райотделалдаги хIалтIана, закониял гурел яргъид гIуцIарал къокъабаздаса районги эркен гьабуна.

Борхатаб ТIисси гьавурав ва гIурав гIадатияв васас сониcел школа, дарсал, къватIул хIаял лъугIилалде, букIинеселде анищал гьарилалде, ярагъ борчизе ккей бигьаяб иш гуро, амма магIарулас гьеб тIадаб борч намус бацIцIадго тIубалеб буго.

Гьаризе бокьун буго Абакарие ва аза-азар нилъер гIолохъабазе ракълилаб гIумруялде кIванагIан хехго Аллагьас рачин ва щулияб сахлъи. РикIкIалъаги нилъедаса пашманлъи.

**Хадижат Залимханова**

ВатIан цIунулезул къо

# ГIурхъи цIунулезухъ гьоболлъухъ

28 маялда кIудияб чIаголъи букIана Гьакъо ва Метрада ругел гIурхъи цIунулезул заставабазда. Пограничниказда гIурхъи цIунулесул къо бар-кизе рачIун рукIана райадминистрациялъул вакилзаби.



Гьезда байрам баркизе гьоболлъухъ щвана бакI-бакIаздаса рикIкIен гIемерал гьалбалги. Гьакъо заставаялда ругезда байрам баркун гьалбал рачIиналде, Метрада заставалда къалъул гIужалъ къалъ-къалъун букIана байрахъазги бачунеб музыкаялъги. Гьезда гьеб баркизе щвана райцент-ралдаса гьалбал бетIералда райадминистрациялъул бетIерасул замести-телал Халилула МухIамадовгун ва МухIамад Сиражудиновгун. Байрам баркизе рачIаразда гьоркьор рукIана Хушет росдал школалъул директор ТIайгиб ТIайгибов ва Метрада школалъул директор Шамил ГIабдусаламов. ВатIаналда бугеб рокьи, гьеб цIуни кIвар бугеб ишлъун кколеблъи бицун тадбир рагьана погранзаставаялъул командирас.

Гьезда байрам баркун кIалъазе рахьана Халилула МухIамадов, ва МухIамад Сиражудинов, ТIайгиб ТIайгибов, Шамил ГIабдусаламов ва цо-гидалги.

БатIияб чIаголъи бижизабуна районалъул культураялъул управлени-ялъул нухмалъулев ГIабдусалам МухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь гьесул коллективалъул хIалтIухъабаз. Хасго аскариязе ва тIаде рачIарал гьалбадерие лъикIаб асар гьабуна музыка бачунев Асадула МухIамадовас, СалихIат Лабазановалъ ва ГIабдулвагьаб Исраиловас ахIарал кучIдуз ва кьурдабаз. Райадминистрациялъул рахьалъан пограничниказе гьаруна сайгъатал ва кьуна баркалаялъул кагътал.

Дандельиялъул ахиралда заставаялъул начальникас жидер къиматги гьабун байрам баркизе рачIаралъухъ райадминистрациялъул вакилзабазе ва гьалбадерие кIудияб баркала загьир гьабуна, ва гIуцIана гьезие гьар-зазаб тепсиялъул стол.

РакI рагьарал кIалъаяздаса хадуб, къо-мехги лъикI гьабун, аскарияз гьалбал нухде регIана.

**ХIабиб Давудов,** Метрада росу

# Баркала лъел кумекалъухъ

Аби буго лъим свакаларе-била, сабаб камуларебилан. Божи буго, 1999 соналъул ба-лагьаб августалъул кьогIаб макъуги бихьарал, чарамул ярагъги борчун, районги улка-ялъул суверенитетги цIунарал районцояз хадубккунги нилъер рагъухъабазе кумек гьаби-лин. Лъала нилъер халкъ, унеб лъимгIанги, лъикIлъи гьабун, кидаго свакачIеблъи, свак-гун кIвахI тун гьарурал гьезул лъикIал пишабазулги, силдаде-рил даруяб лъималъулги сабаб рагъухъабазеги камиларо.

ХIажалъи-къварилъи кка-ралъуб кумек гьабулеб гIадат нилъер халкъалъул кидаго букIана. Бихьизабуна гьеб ки-даго, бихьизабулеб буго жакъа-ги, Украиналда унеб рагъда ругел гIолохъабазе битIулеб кванил нигIматазул, маскаба-зул сеткабазул, яргъил ва цоги-далги сайгъатаздасан. Азараб-го баркала гьеб гIуцIаразе ва тIобитIулезе, рагъул байдабаз-де гьеб щвезабизе унезе. Бер-цинаб, инсанасул ракI батулеб рагIиги садакъа кколин абула. Пайда щибха, цохIо рагIудалъун садакъаги гьабун тIубалеб хIал букIарабани… КигIанго бо-кьичIониги, гьечIо… Къойил рачIунел руго рахъ-рахъаздаса рагъул фронталдаса эбел-ин-сухъе, гIагарлъиялъухъе чIе-гIерал харбал…

Гуманитарияб кумекалъул кIудияб кIвар буго аскариязе. Рагъ байбихьарал тIоцересел къояздасан нахъе бегьараб кумек гьабулеб буго нилъер районалъул гIадамазги. Шко-лаздагун лъималазул ахазда тIоритIула «Солдатазухъе кагъ-тал» абураб тадбир ва ритIула посылкаби, окопазда рукIунел хIедучирахъал. Гьал къояз дир пикру нахъчIвачIо ва рахъ ккуна Эчеда росдал админи-страциялъул бетIер МухIамад ГIисаевас ва СВОялъул ветера-назул райотделениялъул предсе-датель ХIайбула ХIайбулаевас. «Невидимый фронт» къокъа-ялъул нухмалъулей Умижат ХириясулмухIамадовалъул рагъухъабазе гьекъолеб лъел рахъалъ кумек хIажалъулеб бугин абураб гьариялъул дица гьезда бициндал, нахъгIамун течIого, гьари тIубай жидерго борчлъунги рикIкIун, кIиго тон-




на силдадерил лъел щвезабуна гьез МахIачхъалаялде. Хадусеб иргаялда инхокъварисезул ре-гьа битIизеги рагIи кьуна гьез.

РакI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула МухIамадиегун ХIайбулагьие, лъим цIолаго ва гьеб машинаялда лъолаго ку-мек гьабурал гIолохъабазе, гьеб жиндирго машинаялда бачча-рав ХIасан Расуловасе («Укро-титель тигров» тIехьалъул ав-тор, Расул Гьазиевасул вас). Аллагьас аза-азариде бахи-набеги гьабураб садакъа, цIи-кIкIинабеги кири.

-Гьеб гIиси-бикьинаб жо-ялъул бицунел рукIунарилан, жиндирго гIадаталда, баркала-кири загьир гьабулаго, рагIи абизе течIо ХIайбулагьица.

-Дол рагъухъаби нилъер васал гурищ кколел, бажара-раб кумек гьабила жакъаял-даса нахъеги,-ян абуна МухIа-мадицаги.

- Гьаб жакъасеб кумек-тад-бир дие багъа къиматаб гали чIвайлъун ккола. Гьаб лъабго соналъ бихьун бугелъул кинаб чара бухIиялде ккун рагъухъа-баз гьарулеб гIадатияб гьекъо-леб лъималъул кумек, хасго ихдадагун риидал. Нужер гьу-дуллъиялъулаб квербакъи ва кумек букIинчIебани, дихьан гьаб кинабго кIвелароан. Дун йохарай йиго дида сверухъ мугъчIвай гьабизе бегьулел гIадамал рукIиналдаса! Барка-ла, цIумадисел,-ян абуна Уми-жатица.

Божи буго, гьездаса мисал босун, цогидалги нилъер рай-онцояз кIвараб кумек гьабилин рагъухъабазеян. Амма гьелда-санги цIикIкIараб божи-хьул-гун дугIа-гьари буго БетIергьан Аллагьасда рагъ-кьалалъе ахир-ги лъун, нилъер васал жидерго хъизаназухъе тIаде руссаян.

**Хадижат Залимханова**

Призыв-2025

# Обязанности граждан, подлежащих призыву на военную службу

Согласно пункту 1 статьи 38 ФЗ-53 "О воинской обязанности и во-енной службы", неизменный срок срочной военной службы в армии - ров-но один календарный год, то есть 12 месяцев. Военнослужащие срочной службы не привлекаются в зону проведения СВО.

Нововведение этого года и одна из важных особенностей весеннего призыва в 2025 году -электронный реестр призывников. Он содержит персональные данные всех поставленных на воинский учет людей.

Появились электронные повестки для оповещения граждан. Они направляются военнообязанным через "Госуслуги", при этом бумажные повестки не отменяются.

Важно: ст. 31 ФЗ-53 "О воинской обязанности и военной службы" Гражданин, подлежащий призыву на военную службу (граждане от 18 до 30 лет), не получивший повестку военного комиссариата в период прове-дения призыва на военную службу, **в двухнедельный срок со дня начала следующего периода проведения призыва на военную службу, обязан лично явиться в военный комиссариат для сверки данных воинского учета.** Неявка в военный комиссариат в установленный законом срок влечет за собой административную ответственность.

**М. Расулов,** военный комиссар района

Здоровье

# Пневмония: симптомы, профилактика

Пневмония-острая респираторная инфекция, воз-действующая на легкие. Возбудителями пневмонии яв-ляются вирусы, бактерии и грибки. Факторы риска для взрослых являются:пожилой возраст,ослабленный иммунитет,курение, алкоголизм, наркомания, хрониче-ские заболевания сердца и сосудов, сахарный диабет, болезни легких. Для детей в возрасте младше 5 лет-

хронические ангины и частые простудные заболевания,охлаждение или перегревание, несоблю-дение режима дня, неполноценное питание, искус-ственное вскармливание.

**Симптомы заболевания**

Температура 38-40 гр., кашель, мокрота,одышка, слабость,головные боли, боли в мышцах, сильное по-тотделение, боли в груди.

**Профилактика**

Закаливание, укрепление иммунитета, вакци-нирование против возбудителей пневмонии (в том числе ежегодно против гриппа).Мойте руки с мылом как можно чаще, используйте антисептики на основе спирта, одевайтесь по погоде, проветривайте и делай-те влажную уборку в помещении, не контактируйте с больными, старайтесь реже посещать места с большим скоплением людей, откажитесь от вредных привычек, полноценно питайтесь, будьте физически активны, не занимайтесь самолечением, при малейшем подозрении на пневмонию незамедлительно вызывайте врача.

Регистрация и анализ случаев инфекционных за-болеваний в разрезе по населенным пунктам является важной частью работы органов здравоохранения по контролю за эпидемической ситуации. Так,за 2024 г. в целом по району зарегистрирован 161 случай за-болевания по внебольничным пневмониям, из них 70 случаев заболевания детей до 14 лет. В разрезе по населенным пунктам регистрация заболевания вы-глядела так: Агвали -36, Верхнее гаквари-9, Нижнее-гаквари-24, Хуштада-12, Эчеда-5, Тинди-10, Тисси-6, Хушет-5, Гакко-1, Сильди-2, Кванада-15, Гадири-4, Нижнеехваришини-1, Цумада-урух-6, Шава-3, Сасит-ли-1, Тлондода-1, Инхоквари-2, Гигатли -15, Метра-да-1, Кеди-2.

За 5 месяцев текущего года всего зарегистриро-вано по району 74 случаев заболевания, в том числе 13 случаев заболевания детей до 14 лет. В разрезе на-селенных пунктов регистрированы: Агвали -11, Верх-нее Гаквари-2, Нижнее Гаквари - 2., Хуштада-7, Эче-да-6, Тинди-10 , Тисси-1, Хушет-2, Гакко-2, Сильди-1, Кванада-4, Гадири-3, Нижнее Харишини-2, Цумада-урух-4, Шава-3, Саситли-1, Тлондода-2, Инхоквари-2, Гигатли-6, Метрада-1, Кеди-2,

**Хадижат Джамалдинова,** врач гигиенист

# UFCялъе цIиял чемпионал куцалеб къебелъи

### ХIабибил инсул росулъ гьанже гьелъие къучI лъуна

**ЦIумада районалъул Силди росулъ хIалтIизе биччана ГIабдулманап НурмухIамадовасул цIаралда бараб спортивияб комплекс. Гьеб кола ГIабдулманапил вас, машгьурав речIчIухьан ХIабиб НурмухIамадовас жиндирго гIарцухъ бараб спорталъул кIалгIа. Ралъдал гьумералдаса 1880 метралъул борхалъуда бугеб росу ккола Силди.**

**Спорткомплекс базе букIиналъул хIакъалъулъ ХIабибица бицун букIана 2018 соналдаго. Гьебго соналъ, эмен ГIабдулманап чIаго вукIаго, гьелъие къучIги лъун букIана. Ва гьале анкьго соналдаса гьесул инсул росулъ бан бахъана киналго хIажаталцинал шартIаздалъун хьезабураб, жаниб спортсменазе хIажатабщинаб чIезабураб спорткомплекс.**

**ХIабибил ниятги къасдги батIияб буго**

ЦIияб спорткомплексалъул хIакъалъулъ гьадин бицана Силди росдал бегавул, ХIабиб НурмухIамадовасул гIагарав чи, МухIамад Нур мухIамадовас:

- ГьабсагIаталда гьенир руго боксалъе, жубараб речIчIухьанлъиялъе ва рагьулаб самбоялъе ругьун гьарулел гIолохъаби. Гьениб 10-15 къоги бан, гьел уна. Гьезул бакIалде ункъо-щуго къоялдасан цогидал рачIуна. ЧIахIи-чIахIиял турниразда цере сборал тIоритIизе бокьарал спортсменазеги нух кидаго рагьараб буго спорткомплексалде.

Дагьаб цебе социалиял гьиназдасан ХIабиб НурмухIамадовас абуна спорткомплекс балелъул жиндир ният букIинчIин гьениб тIад харж гьабураб гIарац заманалдасан тIадбуссиналъул мурадалда гьеб хIалтIизе гIел спорталде руссинари, гьел наркотик ва цогидаб чорокаб гIала-гъважаялде ругьунлъизе течIого, бацIцIадаб спорталдехун, жидерго черхалъе яравул гьабиялде руссинари буго ХIабибил мурад. Щайин абуни, нилъеда гьабсагIат бихьулеб буго айфоназдагун смартфоназда жаниб гIун бачIунеб гIел къосинабизе, гьел мекъаб, балагьаб нухде буссинабун бажарулеб гIемераб чороклъи бугебльи.

Гьедин спорталде ругьун гьаризе кIвани, гьел цойиде руссинаризеги бажарани, гIолохъабазда гьоркьоб бухьенги цIикIкIуна, гьуинлъиги бижула, гьудуллъивацlъиги щулалъула. Гьеб буго жакъа нилъее бищунго къваригIараб жо. Гьелъие бахъулеб хIаракат буго ХIабибил спорткомплекс хIалтIизе биччай. Аллагьасул кумекалдалъун гьеб ният гьесул рагIалдеги бахъина, биччай. Гьеб жинца банин ДагъистаналдагIун бачIунеб гIел кIудияб спорталде куцазе киналго шартIал жанир ругеб бакI букIиналъул мурадгун.



**Гьелъул хIакъалъульги баян къуна МухIамад НурмухIамадовас:**

-Анкьго соналъ бана гьес гьеб жиндаго хIалкIовухъе. Гьесул ният букIинчIо гIадамазухъа гIарац ги бакIарун, гьениб араб харж тIадбуссиналъул мурадалда гьеб комплекс хIалтIизе биччай. ХIабибил ният букIана жиндирго гIадаб нухгун гIун бачIунеб гIел спорталдехун машгьул гьари, гьел гьенире ругьун гьаризе хьвади. Гьеле гьеб букIана гьесул авалалдаса нахьего букIараб ва гьанжеги бугеб ният. Ислам МахIачев, МухIамад Анкалаев, ГIумаргун ГIусман НурмухIамадовгIадал гIадал гIолохъаби цIияб гIелалда гьоркьорги куцай. Гьелъие гIоло бараб буго ХIабибица спорткомплекс.

**Чемпионазе лъола къучI**

ЦIияб спорткомплексалда гьабсагIа талда ругьун гьарулел руго ХIабиб НурмухIамадовасул командаялдаса речIчIухьаби. Гьезда гьорлъ руго Ислам МахIачев, ХIабибил вацгIал ГIумар НурмухIамадов гIадал жидер цIарал дуниялалдаго рагIарал спортсменалги.

Спорткомплекс базе байбихьарал тIоцересел соназго абулеб букIана гьениб UFCялъул турниралда цере сборалги тIоритIизе ругин абун. Дуниялалдаго машгьураб ва гьабсагIат бищун ссиялда бугеб, речIчIухьабазул спортивиябгIуцIиялъул къецазда цересел сборал Дагъистаналъул бищун рикIкIад, мугIрул росулъ тIоритIизе рукIин абураб хабаралъго батIияб нур кьолеб буго гьелъие.

- UFCялдаги ва цогидал ММА ва Bellator гIадал турниразда цере рахъине гIолохъаби цIияб спорткомплексалда ругьун гьарулел руго, мунагьал чураяв ГIабдулманапил букIараб къагIидаялда рекъон.

Гьеб гуребги, дица тIадехун абухъе, гIун бачIунеб гьелъие бажарараб кумек нижецаги, тIоцебе дицаги, хадуб цогидазги гьабила.

Гьадин бицана гара-чIвариялъул ахиралда МухIамад НурмухIамадовас.

ЦIакъ гIадатияв, гIадамасулгун хIал рекъезабизе лъалев чи вуго гьев. Гьесулгун нижер лъай-хъвайккун букIана ЦIумаде гьабураб сапаралъул хIасилалда.

Лъабго соналъ цере, 2022 соналъул хасалихъе щун рукIана Силдире. Доб мехалъ спорткомплексалда хIалтIи тIадбан унеб букIана. ХIабибица харж гьабураб гIарцуде Агъвалиса Силдибе щвезегIан бугеб шагьранухде хьилги тIолеб букIана.

КIудияб асар гьабун букIана найил тIулби гIадин сокIкIун гьарурал гIадал минабазул росдаца. Росу гьитIинаб бугин кканиги, гьениб гIадамазул чIагольи бугоан. Цогидал росабалъа гIадин батIи-батIияв шагьаразде гочунел гIолохъабиги гIемер гьечIо гьезул. Гьез жигараб гIахьаллъи гьабулин росдал жамгIияб гIумрудулъ ва умумузулго букIараб магIишатги хIалтIизабун гьелде гIейги гьабун чIарал гIолилал чанги ругин бицун букIана МухIамад НурмухIамадовас.

Ниж гьенире щвараб къоялъги, маркIачIул бер рукIкIунеб гIуж букIаниги, росдал аслияб къотIнобе бетон тIолеб гвавулъ гьеж гурун хIалтIулел ратун рукIана силдадерил гIолохъаби.

Лъабго соналдасан росулъ ккарал хиса-басиязухъ халги гьабизе, гьанже бан рагIалде бахъараб цIияб спорткомплексалдеги щвезе, Аллагьас хьван батани, цIияб сапар бухьине ракIалде ккана нижеда Силдибе. Гьеб мехалда гIатIидго бицина ХIабибил ватIаналда мугIрул тIогьиб эхетараб спорталъул кIалгIаялъулги, гьенир ругьун гьарулел UFCялъул речIчIухьабазулги хIакъалъулъ, ИншаАллагь!

**Ашахан ЮСУПОВ**

## Сообщение о возможном установлении публичного сервитута

Наименование уполномоченного органа, которым рассматривается ходатайство об установлении публичного сервитута (далее-ПС, Ходатайство): Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестан.

.Цель установления ПС: Складирование строительных и иных материалов, возведение некапитальных строений, сооружений (включая ограждения, бытовки, навесы) и (или) размещения строительной техники, которые необходимы для обеспечения строительства линейного объекта системы газоснабжения и его неотъемлемых технологических частей: «Распределительный газопровод в н.п. Квантлада Цумадинского района Республики Дагестан» в соответствии с пунктом 2 статьи 39.37 Земельного Кодекса Российской Федерации.

Адрес или иное описание местоположения земельного участка, в отношении которого испрашивается ПС: 05:38:000053:326(3), расположенный по адресу:Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Квантлада, 05:38:000053:136, расположенный по адресу:Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Квантлада, 05:38:000036, расположенный по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский р-н, 05:38:000053 расположенный по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский р-н.

Адрес, по которому заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившим Ходатайством и прилагаемым к нему описанием местоположения границ ПС, подать заявления об учете прав на земельные участки, а также срок подачи указанных заявлений, время приема заинтересованных лиц для ознакомления с поступившим Ходатайством: Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестансело Агвали, ул. К.Абакарова, д. 95/2 тел. +7 (8722) 55-11-70 tsumadarayon@e-dag.ru, время приема: по предварительной записи. Срок подачи заявлений: в течение 15 дней со дня опубликования настоящего сообщения о возможном установлении ПС.

Официальные сайты в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещается сообщение о поступившем Ходатайстве: http://mr-tsumada.ru

Реквизиты решений об утверждении документа территориального планирования, документации по планировке территории, программ комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, а также информация об инвестиционной программе субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, указанных в Ходатайстве: 1. Программа «Газификация жилищно-коммунального хозяйства, промышленных и иных организаций Республики Дагестан на 2022 – 2031 годы», соглашения о взаимном сотрудничестве и Договоры по газификации между администрациями регионов РФ и ПАО «Газпром», предусматривающие осуществление программы газификации в регионе; концепция участия ПАО «Газпром» в газификации регионов РФ, утвержденная Постановлением Правления ОАО «Газпром» 30.11.2009 №57; 2. Распоряжение Правительства РФ от 15 декабря 2021 г. № 3603-р «Об определении ООО «Газпром газификация» единым оператором газификации подтверждает сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута».

Сведения об официальных сайтах в информационно-телекоммуникационной сети "Интернет", на которых размещены утвержденные документы территориального планирования, документация по планировке территории, программа комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, инвестиционная программа субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, которые указаны в Ходатайстве: http://mr-tsumada.ru

Описание местоположения границ ПС: в соответствии с графическим описанием местоположения границ ПС, с которым можно ознакомиться по адресу: Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестансело Агвали, ул. К.Абакарова, д. 95/2; сайт: http://mr-tsumada.ru.

Кадастровые номера земельных участков, в отношении которых испрашивается ПС: кадастровые номера земельных участков указаны в пункте 3 настоящего сообщения.

* * *

Наименование уполномоченного органа, которым рассматривается ходатайство об установлении публичного сервитута (далее-ПС, Ходатайство): Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестан.

Цель установления ПС: Строительство и эксплуатация линейного объекта системы газоснабжения «Распределительный газопровод в н.п. Квантлада Цумадинского района Республики Дагестан».

Адрес или иное описание местоположения земельного участка, в отношении которого испрашивается ПС: 05:38:000053:326(3), расположенный по адресу:Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Квантлада, 05:38:000053:136, расположенный по адресу:Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Квантлада, 05:38:000036, расположенный по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский р-н, 05:38:000053 расположенный по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский р-н.

Адрес, по которому заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившим Ходатайством и прилагаемым к нему описанием местоположения границ ПС, подать заявления об учете прав на земельные участки, а также срок подачи указанных заявлений, время приема заинтересованных лиц для ознакомления с поступившим Ходатайством: Администрация муниципального района Цумадинский район РД село Агвали, ул. К.Абакарова, д. 95/2 тел. +7 (8722) 55-11-70 tsumadarayon@e-dag.ru, время приема: по предварительной записи. Срок подачи заявлений: в течение 15 дней со дня опубликования настоящего сообщения о возможном установлении ПС.

Официальные сайты в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещается сообщение о поступившем Ходатайстве: http://mr-tsumada.ru

Реквизиты решений об утверждении документа территориального планирования, документации по планировке территории, программ комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, а также информация об инвестиционной программе субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, указанных в Ходатайстве: 1. Программа «Газификация жилищно-коммунального хозяйства, промышленных и иных организаций Республики Дагестан на 2022 – 2031 годы», соглашения о взаимном сотрудничестве и Договоры по газификации между администрациями регионов РФ и ПАО «Газпром», предусматривающие осуществление программы газификации в регионе; концепция участия ПАО «Газпром» в газификации регионов РФ, утвержденная Постановлением Правления ОАО «Газпром» 30.11.2009 №57; 2. Распоряжение Правительства РФ от 15 декабря 2021 г. № 3603-р «Об определении ООО «Газпром газификация» единым оператором газификации подтверждает сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута».

Сведения об официальных сайтах в информационно-телекоммуникационной сети "Интернет", на которых размещены утвержденные документы территориального планирования, документация по планировке территории, программа комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, инвестиционная программа субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, которые указаны в Ходатайстве: http://mr-tsumada.ru

Описание местоположения границ ПС: в соответствии с графическим описанием местоположения границ ПС, с которым можно ознакомиться по адресу: Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестансело Агвали, ул. К.Абакарова, д. 95/2; сайт: http://mr-tsumada.ru.

Кадастровые номера земельных участков, в отношении которых испрашивается ПС: кадастровые номера земельных участков указаны в пункте 3 настоящего сообщения.

## MMA

## Россиялъул чемпион



Лъабго къоялъ (30.05-1.06) Самараялда Владимир Высоцкиясул цIаралда бугеб спорталъул КIалгIаялда тIобитIана журарал рагъазул (ММА) рахъалъ Россиялъул чемпионат. Гьенив гIахьаллъана 47 регионалдаса 160 спортсмен. Турниралъул хIасилазухъ балагъун гIуцIана дунялалъул чемпионаталда гIахьаллъизе улкаялъул командаги.

70.3 кг. цIайиялда гьенив цеве вахъана Астраханалда чIарав 19 сон барав КIванадаса Халил ПирмухIамадов. Щибаб дандчIваялда ракIчIараб бергьенлъиги босун, гьенив Халил вахъана Россиялъул чемпионлъун.

Гьеб ккола Халилил Россиялъул первенствобазда ва чемпионаталда босараб ункъабилеб бергьенлъи.

Баркула Халилида Россиялъул чемпионлъун вахъи, гьарула кватIичIого дунялалъул чемпионлъун вахъине икъбал ва талихI.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

## Эркенаб гугари

## Загъалав МахIачевасул приз тIобитIана

31 маялда Агъвали гимназиялъул залалда тIоритIана 2010 соналъ ва гьелдаса хадур гьарурал лъималазда гьоркьор Россиялъул спорталъул мастер, ММАялъул рахъалъ Россиялъул чемпион Загъалав МахIачевасул призалъе эркенаб гугариялъул рахъалъ къецал.

Гьенир гIахьаллъана Агъвали, Хонохъ, Къеди, Гьаквари, ТIинди, Инхокъвари ва Хуштада росабалъан командаби.

**Къецазул ккана хадур рехсарал хIасилал:**

**29кг.** 1. Сиражудин ГIабдулхIалимов (ТIинди), 2. МухIамад ГIусманов (Агъвали), 3. МухIамад Халилов (ТIинди) ва ГIубайдула ГIабдулаев (Хуштада).

**32кг.** 1. ГIалибахIарчи МухIамадов (ТIинди), 2. ГIумар Абакаров (Хуштада), 3. ХIабиб ГIубайдулаев (Хонохъ) ва Анас МукIуев (Агъвали).

**35кг.** 1. МухIамад ГIабдулхIалимов (Агъвали), 2. ГIабдурашид ХIажиев (Агъвали), 3. МухIамадрасул ИзрагIилов (Агъвали) ва ГIабдулазиз ТоралмухIамадов (ТIинди).

**38кг.** 1. Халид Абакаров (Хуштада), 2. Ислам ГIалиев (Инхокъвари), 3. ГIабдурахIман Бадрудинов (Агъвали) ва Ибрагьим ГIабдулаев (Хуштада).

**41кг.** 1. Рамазан Нажмудинов (Агъвали), 2. МухIаммад МухIамадов (Агъвали), 3. МухIамад АхIмадов (Агъвали) ва Гъази МухIамадов (ТIинди).

**44кг.** 1. МухIамад Гираев (Агъвали), 2. Адам Зиявдинов (Къеди), 3. Шамил ХIайбулаев (Агъвали).

**48кг.** 1. Халид ГIубайдулаев (Агъвали), 2. ХIажимурад Гираев (Агъвали), 3. Ибрагьим Нажмудинов (Агъвали) ва ГIабдурахIман МухIамадов (ТIинди).

**52кг.** 1. Расул МухIамадов (Агъвали), 2. МухIамад ГIабдулаев (Хонохъ), 3. Абубакар ГIумаров (Агъвали) ва МухIамад МухIамадов (Агъвали).

**57кг.** 1. ГIали Рамазанов (Агъвали), 2. ХIажимурад МухIамадов (Агъвали), 3. МухIамад ГIабдулаев (Агъвали) ва МухIамадрасул Идрисов (Агъвали).

**62кг.** 1. Анвар Расулов (Агъвали). 2. Шагьрурамазан Къурбанов (Агъвали), 3. МухIамадкамил Абакаров (Агъвали).

**68кг.** 1. ХIажимухIамад МуртазагIалиев (Агъвали), 2. ХIажимурад Гъазиев (Агъвали).

**74кг.** 1. ГIабдула Гереев (Агъвали).

Бергьаразе ва призеразе кьуна Загъалав МахIачевасул рахъалдаса рачелал, медалал ва грамотаби.

**Шамил Сажидов**

**Утерянный аттестат об основном общем образовании №00518002447955, выданный ГКОУ РД «Шавинская средняя общеобразовательная школа Цумадинского района» 12.07.2023 года на имя Гаджимагомедова Магомеда Алиасхабовича, считать недействительным.**

## Цумадинская футбольная лига - 2025

### Турнирная таблица

| № | Команда | И | В | Н | П | Г | РГ | О |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Нижнее-Гаквари | 1 | 1 | 0 | 0 | 9-0 | 9 | 3 |
| 2 | Гигатли-Урух | 1 | 1 | 0 | 0 | 8-2 | 6 | 3 |
| 3 | Кеди | 1 | 1 | 0 | 0 | 7-2 | 5 | 3 |
| 4 | Тисси-Ахитли | 1 | 1 | 0 | 0 | 5-1 | 4 | 3 |
| 5 | Эчеда | 1 | 1 | 0 | 0 | 7-4 | 3 | 3 |
| 6 | Хуштада | 1 | 1 | 0 | 0 | 6-3 | 3 | 3 |
| 7 | Тисси | 1 | 1 | 0 | 0 | 4-1 | 3 | 3 |
| 8 | Верхнее-Гаквари | 1 | 1 | 0 | 0 | 1-0 | 1 | 3 |
| 9 | Гадири | 1 | 0 | 0 | 1 | 0-1 | -1 | 0 |
| 10 | Маштихи | 1 | 0 | 0 | 1 | 4-7 | -3 | 0 |
| 11 | Гачитли | 1 | 0 | 0 | 1 | 3-6 | -3 | 0 |
| 12 | Ричаганих | 1 | 0 | 0 | 1 | 1-4 | -3 | 0 |
| 13 | Кочали | 1 | 0 | 0 | 1 | 1-5 | -4 | 0 |
| 14 | Эгдада | 1 | 0 | 0 | 1 | 2-7 | -5 | 0 |
| 15 | Тинди | 1 | 0 | 0 | 1 | 2-8 | -6 | 0 |
| 16 | Нижнее Гаквари (молодежь) | 1 | 0 | 0 | 1 | 0-9 | -9 | 0 |

### Результаты 1 тура

| | **31 мая 2025, суббота** | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 13:00 | «Эчеда» | 7 | : | 4 | «Маштихи» | |
| 14:00 | «Гадири» | 0 | : | 1 | «Верхнее-Гаквари» | |
| 15:00 | «Нижнее Гаквари (молодежь)» | 0 | : | 9 | «Нижнее-Гаквари» | |
| 16:00 | «Гачитли» | 3 | : | 6 | «Хуштада» | |
| 17:00 | «Кочали» | 1 | : | 5 | «Тисси-Ахитли» | |
| 18:00 | «Эгдада» | 2 | : | 7 | «Кеди» | |
| 19:00 | «Тинди» | 2 | : | 8 | «Гигатли-Урух» | |
| 20:00 | «Тисси» | 4 | : | 1 | «Ричаганих» | |
| | **Расписание** | **2** | **тура** | | | |
| | | | | | | |
| | **7 июня 2025, суббота** | | | | | |
| 13:00 | «Гигатли-Урух» | | — | | «Эгдада» | |
| 14:00 | «Хуштада» | | — | | «Кочали» | |
| 15:00 | «Маштихи» | | — | | «Нижнее Гаквари (молодежь)» | |
| 16:00 | «Эчеда» | | — | | «Тинди» | |
| 17:00 | «Ричаганих» | | — | | «Гадири» | |
| 18:00 | «Кеди» | | — | | «Тисси» | |
| 19:00 | «Нижнее-Гаквари» | | — | | «Гачитли» | |
| 20:00 | «Верхнее-Гаквари» | | — | | «Тисси-Ахитли» | |

## Газпром

## Безопасность на летних каникулах

Вот и закончился учебный год. В течение трех летних месяцев многие школьники будут подолгу оставаться одни дома и использовать газ самостоятельно.

Поставщик газа ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» призывает родителей провести газовый инструктаж с юными дагестанцами, здоровье и безопасность которых для нас самое важное.

Уважаемые родители!

В преддверии летних каникул особенно важно помнить о безопасности детей, о правилах безопасного использования газа в быту, чтобы сохранить жизнь и здоровье малолетних граждан.

Дети должны знать, что газ взрывоопасен. При появлении запаха газа нужно немедленно покинуть помещение, сообщить взрослым. При скоплении газа в помещении достаточно чиркнуть спичкой, щелкнуть выключателем, и смесь газа с воздухом может взорваться от малейшей искры. Категорически нельзя пользоваться электроприборами! О случившемся необходимо срочно сообщить родителям или попросить соседей позвонить по телефону «04».

Дети должны уметь правильно включать газовую плиту. Если сначала открыть кран на газовой плите, а после этого зажечь спичку, может произойти хлопок. Научите детей сначала зажигать огонь и только потом открывать кран. Бывают случаи, когда закипевшая жидкость заливает пламя, пламя задувает сквозняком, поэтому приучайте детей не оставлять газовую конфорку без присмотра, следить, чтобы закипающая жидкость -вода, суп -не залили газ. Но лучше разогревать еду в микроволновой печи, также тщательно соблюдая правила электробезопасности.

Приучите детей, уходя из дома, проверять, закрыты ли краники газовой плиты.

Помните: лучшая страховка от беды -осторожность!

Запишите детям номера экстренных служб- 04, 040, 112.

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
Цумада район, Кьенгъара росу,
Заводалъул кватI, 4

«Цумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«Цумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1300
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгольи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ 05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
Golostsumady@maIl.ru